

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra nya éta hasil karya sastrawan dina wangun lisan atawa tulisan. Kecap sastra asalna tina basa Latin *litteratura* anu hartina hurup atawa tulisan (*letter*). Sacara étimologi, kecap sastra asalna tina basa Sanskerta, nya éta *sas* jeung *tra*. Kecap *sas-* hartina nya éta méré pituduh, ngajar, atawa instruksi. Ahiran *-tra* hartina nuduhkeun alat atawa sarana. Ku kituna, sastra téh nya éta alat pikeun ngajar, buku pituduh, buku intruksi, atawa pangajaran (Koswara, 2010, kc.2). Karya sastra miboga ciri jeung ajén éstétis. Éta ciri-ciri téh bisa mangrupa purwakanti, gaya basa, jeung sajabana. Eusi karya sastra biasana mah mangrupa ébréhan tina ide atawa pamikiran manusa, misalna baé ayana kasusah, kabungah, jeung hal-hal anu pikaseurieun. Éta sakabéhna téh bisa diébréhkeun dina wangun karya sastra, boh lisan boh tulisan.

Kaéndahan bisa nimbulkeun rasa sukur, ni'mat, reueus, jsb anu patali jeung kasugemaan jiwa nu macana. Sastra Sunda dimimitian ku sastra buhun nu ngawengku jangjawokan, pantun, wawacan, dongéng, jeung sajabana. Diteruskeun ku sastra modéren nu ngawengku wangun carita pondok, novél, sajak, drama, jeung sajabana. Ka ayeuna keun mah aya karya sastra modéren anu disebut fiksimini.

Nilik kana wangunna, karya sastra diwincik jadi tilu rupa, nya éta: puisi, prosa, jeung drama (Iskandarwassid, 1992, kc. 138). Karya sastra anu jadi bahan ieu panalungtikan nya éta puisi dina wangun sajak. Nurutkeun Suhendar jeung Sapinah (1993, kc. 152) puisi nya éta salah sahiji karya sastra anu dina cara nepikeunana maké kekecapan nu mibanda unsur ilusi jeung imajinasi. Nurutkeun Waluyo (1987, kc. 25) puisi nya éta "*bentuk karya sastra yang mengungkapkan pikiran dan perasaan penyair secara imajinatif dan disusun dengan*

Riksa Sukma Wibawa , 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK TITIMANGSA KARYA ABDULLAH MUSTAPPA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pengkonsentrasian semua kekuatan bahasa dengan pengkonsentrasian struktur fisik dan struktur batinnya”.

Dumasar kana waktu gumelarna, puisi diwincik jadi dua rupa, nya éta puisi buhun jeung puisi modéren. Salah sahiji wangun puisi modéren nya éta sajak. Sajak kaasup kana puisi modéren lantaran teu kauger ku patokan-patokan anu tangtu saperti dina puisi buhun. Nurutkeun Iskandarwassid (1992, kc. 130) sajak nya éta salah sahiji wanda puisi atawa wangun ugeran anu teu (pati) kauger ku patokan wangunna.

Ditilik tina eusina, sajak bisa dibédakeun jadi sajak épik jeung sajak lirik. Sajak épik nya éta sajak anu medar carita atawa lalakon. Sedengkeun sajak lirik nya éta sajak anu ngagambarkeun rasa sarta sikep pangarangna. Dina sajak épik, nu nulis sajak téh teu bébas ku sabab kauger ku galur nu rék jadi jejer dina lalakon. Tapsiran atawa visi pribadina téh kawatesanan ku jejer caritana. Ku kituna, sajak épik sipatna leuwih objéktif.

Sabalikna, dina sajak lirik nu nulis sajak miboga kalaluasaan dina méré tepisan kana jejer sajakna téa. Sikep atawa rasa pribadina bisa muncul leuwih kuat jeung leuwih témbrés. Ku sabab kitu, sajak lirik mah leuwih subjéktif. Lantaran sipatna nu leuwih subjéktif, dina mangsa kiwari sajak lirik jumlahna kacida réana. Éta hal saluyu jeung kaayaan hirup masarakat kiwari anu sipatna leuwih individual. Ku kituna, sajak-sajak lirik mah bisa diteuleuman tur bisa kapaluruh bédana sok sanajan témana sarua (Mustappa, 2014, kc. 59).

Panyajak miboga sajak séwang-séwangan dina midangkeun karyana. Aya panyajak anu ungakara-ungakarana leuwih déskriptif (basajan) jeung aya ogé panyajak anu gaya basana imajinatif. Gaya basa déskriptif nya éta gaya basa anu ungkara basana henteu méngpar tina harti-harti kecap nu lumrah. Sabalikna, sajak anu maké gaya basa imajinatif mah pinuh ku simbul atawa lambang.

Ditilik tina unsur intrinsik pangwangunna, dina puisi aya nu disebut struktural jeung lapis ma'na. Aminudin (1995, kc. 136) nétélakeun yén struktur puisi téh mangrupa unsur pangwangun puisi nu bisa dititénan sacara visual. Éta unsur

Riksa Sukma Wibawa, 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK TITIMANGSA KARYA ABDULLAH MUSTAPPA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngawengku sora, kecap, padalisan, pada, jeung tipografi. Lapis ma'na mangrupa unsur nu nyamuni dina struktur. Ditilik tina unsur pokona, puisi diwincik jadi struktur lahir jeung struktur batin. Éta unsur-unsur téh teu bisa madeg mandiri, lantaran mangrupa hiji beungkeutan (struktur) antara nu hiji jeung lianna, sarta silih lengkepan nepi ka kahontal totalitas ma'na nu nyamuni (Waluyo, 1987, kc. 29).

Sajak kaasup salah sahiji karya sastra nu bisa dikaji tina sagala aspék lantaran sajak mangrupa struktur anu disusun tina rupa-rupa unsur jeung sarana kapuitisan. Sajak ogé bisa dikaji tina jenis (rupa) jeung aspék kasajarahana. Ditilik dina aspék kasajarahana, sajak remen ditulis tur dibaca ti waktu ka waktu. Teeuw (dina Pradopo, 2012, kc. 3) nétélakeun yén sapanjang jaman, puisi mindeng ngalaman parobahan jeung kamekaran. Ieu hal nyababkeun ayana konflik nepi ka nyiptakeun inovasi. Ku kituna, puisi mindeng ngalaman parobahan anu saluyu jeung évolusina kana parobahan konsép éstetikana (Riffaterrne dina Pradopo, 2012, kc. 3).

Dina taun 2013, terbit buku kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa. Éta buku dilélér hadiah Sastra Rancagé taun 2014, sarta miboga ajén sastra nu hadé. Ku kituna ieu buku dijadikeun bahan panalungtikan.

Saméméhna aya sababaraha panalungtikan anu kungsi medar ngeunaan analisis struktural-semiotik, diantaranya baé: (1) “Analisis Struktural Semiotik dina Kumpulan Sajak *Waruga Garba* Karangan Eddy D. Iskandar” ku Nunung Sulastri (2005); (2) “Ajén Patriotis dina Kumpulan Carita Pondok *Oléh-oléh Pertempuran* Karangan Rukmana Hs. (Ulukan Struktural Semiotik)” ku Yuyu Aisyah (2008); (3) “Sajak dina *Manglé Alit* anu Medal dina Taun 2009 pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajak di SMP Kelas VIII: (Analisis Unsur Intrinsik)” ku Nurwita (2013); jeung (4) “Ulukan Struktural-Semiotik kana Kumpulan Sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajak di SMA” ku Arini Dwi Jayanti (2014).

Riksa Sukma Wibawa , 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK TITIMANGSA KARYA ABDULLAH MUSTAPPA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan ngeunaan sajak dina wangun skripsi anu maké ulikan struktural katitén masih kurang. Ku kituna, ieu panalungtikan medar ngeunaan unsur struktural dina kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa. Hawe Setiawan, kritikus sastra Sunda kungsi nétélakeun dina ésséyna yén sajak-sajak anu aya dina kumpulan sajak *Titimangsa* téh mangrupa surat ngeunaan ésénsi kahirupan pangarang anu ditepikeun dina wangun simbolis ka istrina, Aam Amilia. Sacara fisik ieu buku kumpulan sajak téh miboga ciri has anu teu ilahar. Éta ciri has téh nya éta salian ti judul kumpulan, unggal sajak ukur ditandaan ku angka 1 nepi ka 68. Eusina ngawengku 68 sajak alit, saluyu jeung judulna anu mangrupa sajak-sajak pondok. Sajak anu pangpanjangna ngawengku 8 padalisan jeung 5 pada, sedengkeun anu pangpondokna ukur sapada. Ieu hal jadi salah sahiji kasang tukang panulis milih ieu buku kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa jadi bahan panalungtikan. Ku kituna, ieu panalungtikan nu dijudulan “Analisis Struktural dina Kumpulan Sajak *Titimangsa* Karya Abdullah Mustappa perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesanan ukur nganalisis struktur batin sajak, anu ngawengku téma, nada, rasa, jeung amanat. Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Téma naon waé anu aya dina buku kumpulan sajak *Titimangsa*?
- 2) Nada naon waé nu aya dina buku kumpulan sajak *Titimangsa*?
- 3) Rasa naon waé anu aya dina buku kumpulan sajak *Titimangsa*?
- 4) Amanat naon waé anu nyangkaruk dina buku kumpulan sajak *Titimangsa*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Riksa Sukma Wibawa , 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK *TITIMANGSA* KARYA ABDULLAH MUSTAPPA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Luyu jeung maslah anu dipedar di luhur, tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nganalisis unsur-unsur sajak anu aya dina buku Kumpulan Sajak karya Abdullah Mustappa.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun téma anu aya dina kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa;
- 2) ngadéskripsikeun nada anu aya dina kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa;
- 3) ngadéskripsikeun rasa anu aya dina kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa;
- 4) ngadéskripsikeun amanat anu aya dina kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi anu euyeub ngeunaan struktur batin anu nyangkaruk dina kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa.

1.4.1 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra modéren, hususna dina wangun sajak;
- 2) pikeun ngadéskripsikeun hasil analisis karya sastra dina wangun sajak dumasar kana struktur pangwangunna;
- 3) ieu panalungtikan bisa jadi bahan bacaeun atawa dijadikeun salah sahiji bahan referénsi dina ulikan sastra.

Riksa Sukma Wibawa , 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK *TITIMANGSA* KARYA ABDULLAH MUSTAPPA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5 Raraga Tulisan

BAB I medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II medar tiori-tiori ngeunaan: sastra, sajak Sunda, jeung strukturalisme.

BAB III medar métode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

BAB IV medar analisis data.

BAB V medar kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.